

# Algorit

Aprann sou kijan epi poukisa algorit enpòtan epi kijan yo enfliyanse eksperyans nou sou entènèt.

## 1. Kisa Algorit Yo Ye? Poukisa Yo Enpòtan?

Algorit yo se, esansyèlman, yon seri enstriksyon ke yon pwogram enfòmatik swiv pou fè yon travay oswa rezoud yon pwoblèm. Algorit yo toupatou, pi plis chak jou epi yo gen yon gwo enpak sou eksperyans nou sou entènèt, kote souvan yo dikte sa nou wè epi tande sou diferan platfòm, rekòmandasyon ak piblisite nou eksperimente, epi menm desizyon yo pran san nou pa konnen, tankou desizyon rekritman ke platfòm ki fonksyone avèk algorit yo gouvène.

Algorit yo se moun ki fè yo epi yo ka reflete prejije moun genyen yo. Kòm rezulta, anpil algorit ka diskriminatwa epi yo ka ranfòse pratik diskriminatwa yo.

Lè w konn egzistans algorit yo ak efè yo ka genyen, se yon pati kle nan alfabetizasyon nimerik ak pi bon pratik sekirite nimerik.

## 2. Jere Algorit Yo

Pandan ke ou pa kapab evite algorit yo, ou kapab jere enpak yo ak enfliyans yo. Eseye sa ki annapre yo:

- Soti nan chanm eko yo:
  - Chèche lòt kalite enfòmasyon
  - Evitejis konte sou rekòmandasyon algoritmik sou entènèt yo
- Evalye enfòmasyon ou yo:
  - Konsidere enfòmasyon w ap wè. Èske yo gen yon bon kalite epi èske li ekzak?
  - Konsidere sèvi ak resous bibliyotèk lokal ou a bay olye pou ou konte sou piblikasyon k ap monte sou paj ou yo pou ba ou nouvèl ak lòt enfòmasyon.

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

- Chanje fason ou wè rezulta yo
  - Konsilte diferan sit rezo sosyal ou yo pou wè si gen fason pou wè rezulta yo nan yon fason diferan
  - Egzanp, gade si ou kapab chwazi rezulta "resan" olye rezulta sou tandans ki detèmine yon fason algoritmik
- Etenn alèt yo epi jere tan ekran ou a
  - Algorit yo itilize pou kenbe nou angaje sou sit rezo sosyal yo. Pran konsyans tan ou pase sou rezo sosyal yo
  - Konsidere fason pou jere tan ekran ou
  - Limite kijan ak kilè ou resevwa alèt
- Jere konfidansyalite w sou entènèt
  - Algorit yo konte sou done ki soti nan nou pou fè travay li epi montre nou kontni ki "enpòtan". Jere paramèt konfidansyalite ou yo epi pratike minimizasyon done pou limite kantite bagay algorit sa yo aprann sou ou

Sigjesyon pou sit rezo sosyal yo:

- **Facebook:** Sou NewsFeed la, chwazi pou wè piblikasyon ki "pi resan" olye istwa prensipal yo
- **YouTube:** Dezaktive opsyon jwe otomatik la
- **Instagram:** Gade moun k ap swiv ou yo pou wè ki moun ou entèraji avèk yo plis ak ki moun ou entèraji avèk yo mwens pou detèmine si ou vle fè kèk ajisteman. Konsidere efase aplikasyon an sou telefòn ou pou w itilize Instagram sou òdinatè w
- **Twitter:** Chwazi "wè dènye Tweets" olye sa ki alamòd oswa ki prensipal

### 3. Eksplor Algorit Yo

Chwazi kèk sit diferan pou aktivite sa a:

# **NYC Digital Safety**

## Privacy & Security

---

1. Navigatè entènèt ou pi renmen:

---

2. Yon navigatè ou pa itilize souvan:

---

3. Yon motè rechèch ou pa itilize souvan:

---

4. Yon sit rezo sosyal:

---

5. Yon navigatè prive tankou DuckDuckgo:

---

6. Aplikasyon ki sou telefòn ou:

---

Apre, fè menm rechèch la sou yon sijè ou chwazi sou diferan sit ak platfòm sa yo.

Sèvi ak espas sa a pou ou sonje tout diferans nan rezulta w ap wè yo:

# **NYC Digital Safety**

## Privacy & Security

---

Kounye a, reflechi sou poukisa w ap wè yon seri kalite rezulta sou yon seri platfòm.

Sèvi ak espas yo bay la: